# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पेरिस ओलंपिक अउर पैरालंपिक खेलिन में देस अउर प्रदेस क मान बढ़ावे वाला चौदह खेलाड़ियन के आजु सम्मानित कइलें। लखनऊ क इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में आयोजित भइल सम्मान समारोह में मुख्यमंत्री खेलाड़ियन के बिच्चे बाइस करोड़ सत्तर लाख रूपिया क पुरसकार रासि बंटलें। कार्यक्रम में पेरिस पैरालंपिक खेलिन में टी चौसठ मोकाबिला में स्वर्ण पदक जीते वाला प्रवीण कुमार के छौ करोड़ रूपिया, रजत पदक जीते वाला सुहास एल वाई अउर अजीत सिंह के चारि–चारि करोड़ रूपिया, प्रीत पाल के दुइ गो कांस्य पदक जीते बदे चारि करोड़ रूपिया अउर कांस्य पदक जीते वाली सिमरन के एक करोड़ रूपिया दिहल गइल। पेरिस ओलंपिक में कांस्य पदक जीते वाला हॉकी टीम क सदस्य ललित उपाध्याय अउर राजकुमार पाल के एक–एक करोड़ रूपिया क पुरसकार दिहल गइल। जबकि प्रियंका अन्नू रानी, पारुल चौधरी अउर साक्षी के दस–दस लाख रूपिया क चेक देके सम्मानि कइल गइल। चार गो ट्रेनरो के मुख्यमंत्री से सम्मान मिलल।

येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि सरकार सहरन अउर गांवन में खेलिन के सुविधा के बिकसित कइ रहल हवे। खेलाड़ियन के आगे बढ़ावे खातिर बढ़िया ट्रेनर उपलब्ध करउले के सथहीं सरकार पदक बिजेतन के सरकारी नोकरियों दे रहल हवे।

**********

प्रदेश में आजु से संचारी रोग नियंत्रण अभियान क सुरुआत हो गइल हौ। उपमुख्यमंत्री बृजेश पाठक आजु लखनऊ के अलीगंज में सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र में अभियान क सुरूआत कइलें। उहां के कहलीं कि अभियान बदे खास तौर पर बनावल गइल टीम घरे–घरे जा के लोगिन के संचारी रोग से बचाव खातिर जागरूक करी। श्री पाठक बतउलें कि येह अभियान के सफल बनउले में राज्य सरकार क तेरह गो विभाग लागल हवे। येह अभियान में पूरा महिन्ना सहरी अउर ग्रामीण इलाकन में सफाई सैनिटाइजेशन, एंटी लार्वा छिड़काव अउर फॉगिंग क खास अभियान चलावल जाइ। अभियान क सुरू भइले के सथहीं आजु बनारस, गोरखपुर, देवरिया, अउर मऊ के साथे कई गो जिला में रैलियन अउर गोष्ठियन के जरिया से लोगिन के संचारी रोग से बचाव क जनकारी दिहल गइल।

**********

राष्ट्रीय क्षय उन्मूलन कार्यक्रम में कुशीनगर जिला का छौ गो ग्राम पंचाइतिन देऊरवा, कोटवा, बहादुरगंज, बाबूराम, भुजौली अउर बनवरिया के टीबी मुक्त घोषित कइल गइल हौ। येह गांवन में टीबी क एक्को मरीज नाही हवे। येह सज्जों ग्राम पंचायत के प्रधान के जिलाधिकारी बिहने गांधी जयंती के मौका पर सम्मानित करिहें।

**********

पच्छिमी उत्तर प्रदेश में आजु से धान खरीद सुरू भइले के सथहीं मिरजापुर में मोटहन अनाज ज्वार, बाजारा अउर मक्का क खरीदियों सुरू हो गइल हौ। पूरबी जिलन में धान खरीदि पहली नवंबर से सुरू होइ। सामान्य धान का न्यूनतम समर्थन मूल्य दुइ हजार तीनि सौ रूपिया अउर ग्रेड ए धान क दुई हजार तीन सौ बीस रूपिया प्रति कुंटल निर्धारित कइल गइल हौ।

**********

आजु अंतरराष्ट्रीय वृद्ध जन दिवस मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर देवरिया में भारत सरकार क सामाजिक न्याय अउर अधिकारिता मंत्रालय क योजनन क तहत साठ साल से बेसी उमिर क दुइ हजार दुइ सौ छांछठ लोगिन के एक करोड़ एकसठ लाख रूपिया क सहायक उपकरण सांसद शशांक मणि त्रिपाठी अउर जिलाधिकारी दिव्या मित्तल बटलें। ओहर मऊ में वृद्ध जन दिवस के मौका पर स्वास्थ्य विभाग की ओरि से बुजुर्गन खातिर निःसुल्क स्वास्थ्य सिविर लगावल गइल।

**********

कानपुर के ग्रीन पार्क स्टेडियम में भारत अउर बांग्लादेश के बिच्चे खेलल गइल दुसरका क्रिकेट टेस्ट मैच में भारत बांग्लादेश के सात विकेट से हरा के दुई मैचन क श्रृंखला आपन नाव कइ लिहले हवे। मैच क पंचवा अउर आखिरी दिन्ने भारतीय टीमि बांग्लोदश क दुसरका पारी एक सौ छियालिस रन पर समेट दिहले अउर एकरे बाद तीनि विकेट के नोकसान पर जीत खातिर जरूरी पनचानबे रन के लक्ष्य के हासिल कइ लिहले हवे। पहिली पारी में भारत खातिर बहत्तर रन बनावे वाला यशस्वी जायसवाल दुसरका पारियों में इक्यावन रन बनउलसि अउर मैन ऑफ द मैच चुनल गइल। चेन्नइ में खेलल गइल पहिला टेस्ट मैच में भारत बांग्लादेश के दुइ सौ अस्सी रन से हरउले रहल।

**********

वाल्मिकी नगर बैराज से सवा लाख क्यूसेक पानी छोड़इले से कुशीनगर में नारायणी नद्दी तमकुहीराज तहसील क्षेत्र क बीरवट कोन्हवलिया गांव के सामने एपी तटबंध क कटान सुरू कइ दिहले हवे। कटान क सूचना पर प्रसासन अउर सिंचाई विभाग क अधिकारी मौका पर पहुंचि के बचाव कार सुरू करा दिहले हवे।

**********

गोरखपुर में निजी क्षेत्र क पहिला विश्वविद्यालय महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय आरोग्यधाम क मेडिकल कॉलेज के नेशनल मेडिकल कमीशन से अब सौ एमबीबीएस सीटिनि बदे मान्यता मिलि गइल हौ। पहिले येह मेडिकल कॉलेज के पचास एमबीबीएस सीटिनि पर प्रवेस लेवे का मान्यता मिलल रहे, जेहसे काल्हि नेशनल मेडिकल कमीशन बढ़ा के सौ सीट कइल दिहले हवे। विश्वविद्यालय के कुलपति डाक्टर अतुल वाजपेयी बतउलें कि एमबीबीएम क सीट बढ़ गइले से पूर्वांचल के छात्रन के ढेरि सुविधा मिली।

**********